PUPUH XXIX: DHANGDHANGGULA (10i, 10a, 8e, 7u, 9i, 7a, 6u, 8a, 12i, 7a)

No.	Alih Aksara	Terjemahan
1.	**(h.261)** Tata tita ingkang kenděl jurit Jendral Dhě Kok wus dhawuhi ika, marang sagung ing Kurnela[1], dadya kenděl sědarum, ngantos lami tan wontěn jurit měngkana bab panggihan mapan botěn tamtu, nging Jendral wakil kewala, tiyang Enggris Sětewěr wěstanereki, lawan Bulngali ika,	Mempersiapkan berhentinya perang, Jendral De Kock sudah memberi perintah pada semua yang berada di *Kurnela* sehingga semuanya berhenti. Sampai cukup lama tidak ada perang. Adapun perihal pertemuan, (masih) belum pasti, hanya Jenderal mengirimkan wakil saja, orang Inggris, Stuers namanya, dan *Bulngali*.
2.	Mila lawan Jendral amanggihi, mring Ki Maja wus pitajěng ika, marang kalih ing wakile, barang bicantěnpiun yen wus kangge datan tinampik Jendral panggih pribadya, lan Ki Maja iku, měngkana sampun panggihan pun Sětewěr kalawan Bulngali kětip Pangran Behi Ki Maja,	Itu sebabnya Jenderal menemui Ki Maja, dan sudah percaya kepada kedua wakilnya, apa saja (yang akan) dibicarakan, kalau sudah terpakai tidak diabaikan. Jenderal bertemu secara pribadi dengan Ki Maja. Demikian sudah bertemu, Stuers dengan Bulngali *ketip*, Pangeran Ngabei (serta) Ki Maja.
3.	Pun Sětewěr těmbungira manis Ki Maja kinengken ka-**(h.262)-**wula[2], dhatěng Jendral Dhě Kok mangko, kinen aněrang tuhu, ingkang datan dados karsaji, sumangga den dhawuhna, pan jendral tumurut, dene ingkang dados duka, marginipun pan saking tiyang kěkalih,	Stuers berkata manis, “Ki Maja, saya diperintahkan oleh Jenderal De Kock, disuruh mencari tahu yang bukan jadi kehendak raja, silakan katakanlah. Jenderal menurut. Adapun yang membuat marah, oleh karena dua orang,

[1] Seharusnya guru lagu *e*
[2] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Mayor lawan Danurja,	(yaitu) Mayor dan Danurja.
4.	Sapunika sumangga karsaji, pan kawula kinengken ngatura, lamun pinundhut pějahe, pan pinějahan iku, yen punika pinundhut urip, ingaturakěn gěsang, lan loji sadarum, yen sang nata datan arsa, kinen bubrah sapunika den bubrahi, sumangga den dhawuhan,	Demikian, silakan kehendak raja, saya diperintahkan untuk menyampaikan. Jika diminta mati, matilah ia. Jika diminta hidup, dibiarkanlah hidup. Juga seluruh loji, kalau sang raja tidak berkenan, (jika) diperintahkan untuk dirubuhkan ya dirubuhkan, silakan katakan."
5.	Kyai Maja gumuyu nauri, pamung[3] iku ingkang sira gawa, jaluk měněng prěrang kabeh, Sětewěr ris turipun, lamun wontěn pinundhut malih, sumangga den dhawuhna, kawula umatur, inggih dhatěng Tuwan Jendra-(h.263)-l, Kyai Maja mapan běngis sahurneki, Sětewěr dhingin mula,	Ki Maja menjawab sambil tertawa, "Hanya itu yang kau bawa, minta berhenti seluruh perang." Stuers berkata pelan, "Jika ada permintaan lagi, silakan katakanlah. Saya sampaikan kepada Tuan Jenderal." Kyai Maja menjawab dengan geram, "Stuers, dari dulu
6.	Kang Sinuhun datan ana maning, karsanira nging luhur agama, Islam Tanah Jawa kabeh, lawan Danurja iku, sira turke karya punapi, sěnadyan loji ika, tanpa pedah iku, yen wus luhur kang agama, pan sakarsa-karsnya[4] Sri Narapati,	Yang Mulia tidak ada lagi keinginannya selain keluhuran agama Islam di seluruh Tanah Jawa. Serta Danureja itu, kau sampaikan pekerjaan apa saja. Meskipun loji itu, semua tidak ada faedahnya kalau sudah meluhurkan agama. Semua kehendak Sang Raja

[3] Sesuai konteks dibaca *amung*
[4] Sesuai konteks dibaca *sakarsa-karsanya*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	iya mangsa luputa,	tidak mungkin keliru.”
7.	Pun Sětewěr nulya pamit iki, datan kangge sagung kang bicara, nulya aprang malih mangko, jendral tan mawi sung wruh, langkung rěsah ing prangireki, wong ngili pinějahan, lanang wadon iku, nadyan rare yen kěcandhak, pinějahan dadya kathah ingkang sahid, Tanah Jawa sadaya,	Stuers kemudian pamit, tidak ada gunanya semua pembicaraan. Kemudian berperang lagi tanpa memberitahukan kepada Jenderal. Sangat rusuh perang itu, orang-orang yang mengungsi dibunuh. Pria, wanita, bahkan anak-anak pun jika tertangkap lalu dibunuh, sehingga banyak yang mati sahid di seluruh Tanah Jawa.
8.	Kapir langkung rěsah ing prangneki, mapan ngawud sadaya puliha, sabab kang prang mati kabeh, Kapir kělamun campuh, (h.264) lan wong Islam sring tumpěsneki, měngkana kang winarna, ing prang mapan sagung, sampun samya katadhahan, ing prangira wong kapir asring kalindhih, ya ta ingkang winarna,	Pasukan Kafir sangat rusuh dalam berperang. (Mereka) memporak-porandakan semuanya, menyebabkan mati semua di medan perang. Ketika Kafir bertempur dengan orang-orang Islam sering ditumpas. Demikianlah yang diceritakan. Di perang semuanya, sudah dihadapi semua. Di peperangan pasukan Kafir sering kalah. Demikianlah yang diceritakan,
9.	Pangran Dipakusuma puniki, aneng Sala langkung kinasihan, dhumatěng kang raka mangko, tan pisah siyang dalu, dhahar sare pan asring nunggil, kalawan Kangjěng Sultan, Jěng Pangran anuhun,	Pangeran Dipakusuma yang berada di Sala sangat kasihan kepada kakaknya. (Mereka) tidak bisa berpisah siang dan malam, makan tidurpun selalu bersama dengan Kanjeng Sultan.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mondhok ing Jawi kewala, ingkang raka Kangjěng Sunan tan nglilani, lamun pisah sadhela,	Kanjeng Pangeran meminta untuk tinggal di Jawa saja. Kakaknya, Kanjeng Sunan, tidak mengizinkan berpisah barang sebentar saja.
10.	Kangjěng Sunan ngupados pribadi, mapan soan[5] dhumatěng kang uwa, Kangjěng Pangran Purbayane, mapan samya puniku, lan kang raka denira asih, mapan asring ngandika, sira iku kulup, běcik neng kene kewala, tunggal ingsun neng kědhaton rikuh yěkti, (h.265) lan saru sawangsanira,	Kanjeng Sunan mengupayakan sendiri, menghadap pamannya, (yakni) Kanjeng Pangeran Purbaya. Mereka semua itu dengan kakandanya mengasihi, sering berkata, “Kau itu, Nak, sebaiknya di sini saja, bersamaku di istana sesungguhnya enggan dan tidak pantas bagi sanak saudara.”
11.	Pangran Dipakusuma turneki, mring kang rama sumangga kewala, mapan tan dumugi mangko, nulya ngandikan iku, mring kang raka Jěng Sunan nuli, tunggil samya neng kreta, muběng lajěng kondur, měngkana jendral winarna, langkung waton Jěng Pangran nulya tinědhi, dhumatěng Kangjěng Sunan,	Pangeran Dipakusuma berkata pada ayahnya, “Silakan saja.” Tidak lama kemudian berkata demikian kepada kakaknya, Kanjeng Sunan. Menjadi satu semua di kereta kuda, berkeliling lalu pulang. Demikian Jenderal diceritakan, sangat aneh Kanjeng Pangeran kemudian diminta oleh Kanjeng Sunan,
12.	Nging Jěng Sunan mapan angěkahi, lan tinanggěl lamun dadenira, Pangran Dipakusumane, pan jendral měksa iku, denya jaluk Jěng Sunan nuli,	tetapi Kanjeng Sunan tetap teguh, dan dipastikan kalau tetap jadi (bertemu) Pangeran Dipakusuma. Jenderal memaksa, ia meminta Kanjeng Sunan agar segera

[5] Sesuai konteks dibaca *sowan*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kang rayi ingandikan, prapta gya rinangkul, mapan sarwi minuhunan, wus ta adhi angur muliha sireki, iya marang Mĕntaram,	adiknya diberi tahu. Setibanya segera dipeluk, semuanya menangis. “Sudahlah, Adinda, kau pulanglah ke Mataram.
13.	Mapan ingsun wus tan bisa adhi, angukuhi adhimas mring sira, mumpung durung areningong, ing mĕngko bĕngi iku, bĕcik sira mangkata adhi, Pangran nungkĕmi pada, (h.266) pan sarwi amuhun, Jĕng Sunan mapan mĕngkana, ri sawusnya Kangjĕng Sunan gya nimbali, marang Mayor tamtama,	Aku sudah tidak bisa, Adinda, mempertahankan *Adhimas* kepadamu, selagi belum, dindaku. Nanti malam lebih baik kau berangkat, Adinda.” Pangeran menyembah di kaki sambil menangis. Demikianlah Kanjeng Sunan. Sesudah itu Kanjeng Sunan memanggil Mayor pasukan.
14.	Prapta ngarsa Jĕng Sunan nĕbda ris, heh ta Mayor adhimas atĕrna, iya marang Lajur bae, poma den sandi iku, lawan sira den ngati-ati, mĕngko bĕngi mangkata, sandika turipun, mĕngkana wus tan winarna, sarĕng dalu bakda ngisa pangkat nuli, Pangran sing Surakarta,	Setibanya di hadapan, Kanjeng Sunan berkata pelan, “Hai, Mayor, antarkanlah *Adhimas*, ke Lajur saja. Kalau bisa diam-diam dan kau lakukan dengan hati-hati. Nanti malam berangkatlah.” (Sang Mayor) mengiyakan. Demikian sudah tidak diceritakan, pada malam hari sesudah salat Isa, berangkatlah Pangeran dari Surakarta.
15.	Kangjĕng Sunan ngatĕrkĕn ing jawi, wus prapta tamtama, mapan nulya mangkat mangko, samya kapalan iku, yen tinanya sandi agilir,	Kanjeng Sunan mengantarkan ke luar, Mayor sudah tiba kemudian berangkat. Mereka berjalan kaki saja, kalau ditanya bergantian menjawab

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	marang Lajur punika, mapan prapta sampun, Jěng Pangran nulya utusan, mring Koripan měngkana panuju iki, ingkang baris Koripan,	dengan pura-pura. (Mereka) pergi ke Lajur, sudah sampai, Kanjeng Pangeran kemudian mengutus kepada Koripan demikian tujuannya ini. (yaitu pada) pasukan Koripan.
16.	Mas Tuměnggung Wiryaněgareki, mundhut pěthuk Mas Tuměnggung nulya, měthuk lawan prajurite, (h.267) enjing prapta ing Lajur, Jěng Pangeran wus den aturi, yen kang měthuk wus prapta, něnggih Mas Tuměnggung, Pangeran Dipakusuma, nulya mangkat Raden Mayor anututi, lawan bědhili ika,	Mas Tumenggung Wiryanegara minta menjemput, Mas Tumenggung lalu menjemput dengan prajuritnya. Pada pagi hari tiba di Lajur, Kanjeng Pangeran sudah diberi tahu bahwa yang menjemput sudah sampai, yakni Mas Tumenggung. Pangeran Dipakusuma kemudian berangkat, Raden Mayor mengikuti sambil memberi hormat senjata.
17.	Lan sung wikan ring kuměndam[6] iki, lamun minggat Pangeran punika, nulya tinututan mangko, mring sagung saradhadhu, wus kapěthuk lawan prajurit, Wiryanagara nulya, ingkang saradhadhu, lajěng campuh ing ngayuda, saradhadhu kuciwa pan mundur sami, Pangran Dipakusuma,	Juga memberi tahu kepada komandan ini, bahwa Pangeran kabur, kemudian diikuti oleh seluruh serdadu. Sudah bertemu dengan prajurit Wiryanegara, kemudian para serdadu bertempur di peperangan, serdadu kecewa lalu mundur. Pangeran Dipakusuma
18.	Sampun panggih lan Wiryěgari, Kangjěng Pangran nulya ingaturan, kondur mring dasa selane, mapan wus tan cinatur, Jendral langkung cuwa tyasneki,	sudah bertemu dengan pasukan Wiryanegara. Kanjeng Pangeran lalu memerintahkan mundur ke Dasa Sela. Sudah tidak diceritakan.

[6] Sesuai konteks dibaca *kuměndham*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	nulya karya karenah, jendral malih iku, nĕnggih Pangran Natapraja, kang ingisuk lan den ĕbang sakajĕngneki, pan sagah tinurutan,	Jenderal sangat kecewa dalam hatinya, lalu membuat strategi jenderal juga. Adapun Pangeran Natapraja yang terdesak dan yang akan dituruti sekehendaknya sanggup dituruti,
19.	Kurnel Na-(h.268)-us kang kinen nyagahi, Kangjĕng Sultan mapan wus miarsa, nging api tan uning bae, Pangran Nataprajeku, karsanira Sri Narapati, pan kinen minggah ika, marang Ardi Kidul, lan bupati wetan Yogja, Ngardi Kidul mapan magok purun malih, marma kinen ngradina,	Kolonel Nahuys yang diperintahkan menyanggupi. Kanjeng Sultan sudah melihat tapi pura-pura tidak tahu saja. Pangeran Natapraja, oleh kehendak Sang Raja, diperintahkan naik ke Gunung Kidul, dan Bupati Timur Yogyakarta ke Gunung Kidul *magok* mau lagi karena diperintahkan meratakan.
20.	Pangran Natapraja sandika turneki, nulya sagung bupati sadaya, ing sawetan Yogja kabeh, pan kinen minggah iku, mĕdal Terong marganya sami, Pangeran Natapraja, mapan mĕdal kidul, ing Sorog karsanira, tan winarna sagung ingkang pra dipati, kang mĕdal Terong samya,	Pangeran Natapraja mengiyakan, kemudian seluruh bupati di timur Yogyakarta diperintahkan naik melalui Terung perjalanannya Pangeran Natapraja keluar ke selatan, di Sorog kehendaknya. Tidak diceritakan semua adipati yang lewat Terung,
21.	Sampun minggah kang dados pĕngarsi, Mas Tumĕnggung Mangunnĕgarika, ingkang dados pangiride, anĕnggih Mas Tumĕnggung,	sudah naik. Yang menjadi pemimpinnya yakni Mas Tumenggung Mangunnegara yang menjadi pemimpinnya, adapun Mas Tumenggung

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Ranupati ngardi ing giri, mĕngkana kang winarna, ngardi rakit sa-(h.269)-mpun, prajurit ing Prangwĕdanan, mapan karya piranti gĕlar wus dadi, Mas Tumĕnggung tan wikan,	Ranupati naik ke gunung. Demikian yang diceritakan. Di gunung sudah siap prajurit Prangwedana, dengan strategi yang sudah jadi. Mas Tumenggung tidak tahu
22.	Lamun Kapir lawan Murtad sami, mawi gĕlar mapan wantunira, nĕnggih Mas Tumĕnggung mangko, lamun ningali mungsuh, Kapir lawan wong Murtad sami, tan mawi subasita, mapan nandĕr purun, prajurit kantun sadaya, mapan nanging Mas Tumĕnggung Ranupati, inggiring kang tut wuntat,	bahwa Kafir dan Murtad semua berbaris dengan berani. Adapun Mas Tumenggung ketika melihat musuh, (yaitu) Kafir dan Murtad, semuanya tidak punya tata krama, penuh semangat. Prajurit tertinggal semua, tapi Mas Tumenggung Ranupati mengikuti di belakang
23.	Lan satunggal sĕdherekireki, mĕksih alit pan lumajĕng samya, Kapir kang katingal kabeh, Mas Tumĕnggung ambujung, datan wikan den paekani, Kapir kalawan Murtad, kang dhĕlik sĕdarum, pan lajĕng nungkĕbi samya, Mas Tumĕnggung dadya pisah lan prajurit, sampun karsaning Sukma,	bersama sorang sanak saudaranya yang masih kecil, keduanya berlari. Semua Kafir yang terlihat, Mas Tumenggung mengejarnya, tidak tahu kalau sedang ditipu. Kafir dan Murtad yang bersembunyi semua, terus menutupi diri, sehingga Mas Tumenggung berpisah dengan prajurit. Sudah kehendak Tuhan,
24.	Mas Tumĕnggung mapan nandhang kanin, wĕntisira lawan ingkang jaja, nanging mĕksih (h.270) takat[7] mangko,	Mas Tumenggung terluka, di paha dan dadanya, tapi masih kuat menahan.

[7] Sesuai konteks dibaca *takad*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	dhawah sing kuda sampun, kudanira mapan ngěmasi, sědhereknya duk mulat, anungkěmi iku, kang pada sarwi karuna, Mas Tuměnggung Mangunnagara něbda ris, sarwi ngamběni brana,	Sudah turun dari kuda, kudanya pun mati. Para saudaranya ketika melihat (itu) menyembah dan semua menangis. Mas Tumenggung Mangunnegara berkata pelan, sambil menyarungi senjatanya,
25.	Wus ta adhi mlayua sireki, mapan ingsun wus karsaning Sukma, marma sabil aneng kene, iki prětandhanipun, kěrisira anggoa adhi, matura ra[8] mring Nalendra, lamun sira iku, kang sun suwun gantenana, marang ingsun lan sakeh para prajurit, wus jakkěn bali padha,	"Sudahlah, Adinda, kau larilah, kondisiku ini sudah kehendak Tuhan sehingga sabil di sini, inilah pertandanya. Keris ini pakailah, Adinda, sampaikanlah pada Raja bahwa engkau ini yang aku minta untuk menggantikan diriku dan seluruh prajurit. Sudah, ajaklah semua pulang."
26.	Mapan ngantos Mas Tuměnggung měling, Mas Tuměnggung Ranupati mulat, mapan langkung pěngamuke, pan kathah belanipun, sampun prapta sabillolahi, ujur kunarpanira, měngkana winuwus, něnggih Mas Mangunnagara, tinangisan ngaturan mundur (h.271) tan napti, Kapir gya ngěpung samya,	Selesai Mas Tumenggung berpesan. Mas Tumenggung Ranupati melihat sangat kuat serangannya, banyak yang dibunuhnya. Sudah tiba sabilillah, tergeletak jasadnya. Demikian diceritakan. Adapun Mas Mangunnegara ditangisi dan diminta mundur tetapi tidak mau. Kafir dengan segera mengepung
27.	Sědhereknya Mas Tuměnggung iki,	sanak saudara Mas Tumenggung.

[8] Lebih satu suku kata *ra*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sagěd uwal wus karsaning Sukma, Mas Tuměnggung kari dhewe, lěnggah sendhean iku, mapan wus tan sědya gumingsir, angasta waosira, nanging Mas Tuměnggung, sampun tan sagěd lumampah, sědangunya pan kinarya lesan sami, pan tan purun cělakka,	Atas kehendak Tuhan bisa terlepas. Mas Tumenggung tertinggal sendiri, (ia) duduk bersender, sudah tidak mau bergerak, mengenggam tombaknya. Tapi Mas Tumenggung sudah tidak bisa melangkah, selamanya dijadikan pembicaraan, tidak mau mendekati.
28.	Pelor mapan wus datan ngundhili, nanging kalih punika labětnya, nulya Pangran Prangwědanage, wadya sinapih sagung, ingkang samya wau bědhili. Pangran wus prapta ngarsa, nira Mas Tuměnggung, nulya aris atětanya, apa sira kang aran Mangunnagari, bagus anama prawira,	Peluru sudah tidak ditembakkan, tetapi ada dua perlakuannya. Kemudian Pangeran Prangwedana segera, pasukannya diistirahatkan semua, yang tadi menembaki. Pangeran sudah sampai di hadapan Mas Tumenggung, kemudian bertanya pelan, “Apakah engkau yang bernama Mangunnegara? Nama yang bagus nan berani.
29.	Lamun sira gělěm těluk mami, mapan ingsun ingkang nglironi iya, mring amuktenira kathah, pan sun aku sadulur, Mas Tuměnggung su-(h.272)-gal denyangling, pan ingsun iki iya, ngabdi mring Sinuhun, nora sědya luru donya, lan maninge nora kurang mangan dhingin, mapan gen sun ngawula,	Jika kau bersedia mengalah padaku, aku yang akan menggantikan terhadap kesungguhan semuanya dan kuakui sebagai saudara.” Mas Tumenggung dengan geram berkata, “Aku ini juga mengabdi pada Sinuhun. Tidak mau mencari (keinginan) dunia dan lagi tidak kurang makanan, sejak dulu aku mengabdi

No.	Alih Aksara	Terjemahan
30.	Marang Kangjěng Sultan donya ngakir, mapan iman kang sun rěbut ika, lamun tělukka mring kowe, měnawa tan den aku, lamun besuk prapta ing ngakir, marang Sinuhun Sultan, Ngabdulkamid iku, pira laraning palastra, mati Kapir Pangran langkung dukaneki, nulya ngabani bala,	kepada Kanjeng Sultan dunia akhirat. Iman yang aku rebut itu. Jika kalah olehmu, kalau tidak diakui, besok sampai di akhirat kepada Sinuhun Sultan. Ngabdulkamid itu berapa sakitnya kematiannya, mati para Kafir, betapa marahnya Pangeran, kemudian memerintahkan pasukan.
31.	Mas Tuměnggung Mangunněgareki, wus tuměka marang sabillolah, mapan den tur kunarpane, dening Kapir puniku, ěněngěna kang wus utami, yata ingkang kawarna, kang prajurit iku, Mangunněgaran sadaya, wus kapěthuk wau kalawan kang rayi. Mas Tuměnggung punika,	Mas Tumenggung Mangunnegara sudah tewas, kemudian jasadnya oleh pasukan Kafir itu lebih baik didiamkan. Adapun yang diceritakan para prajurit Mangunnegara semuanya. Sudah bertemu dengan sang adik, Mas Tumenggung,
32.	Pan lumajěng sarta tawan tangis, lawan běkta (h.273) cara wangsulira, lawan gupak rah pěndhokke, kenděl prajurit sagung, mapan nulya dipunwarteni, Mas Tuměnggung wělingnya, samya nangis iku, Panji Rangga Ngabehi ika, ayun samya nusul ngamuk langkung ajrih, anglerkěn wělingira,	maju berlari sambil menangis, serta membawa cara pulangnya dan sarung kerisnya ternoda darah. Semua prajurit berhenti lalu diberi tahu, pesan Mas Tumenggung, semuanya menangis, “Panji Rangga Ngabei ingin semua menyusul menyerang (tapi) sangat takut.” (ia) menjelaskan perkataannya.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
33.	Mas Tuměnggung nulya wangsul sami, mapan langkung prihatin sadaya, wus kapěthuk lan sagunge, ingkang pra dipatyeku, winěrtenana pan wangsul sami, ajrih lajěng sadaya, ical banthengipun, wus samya mudhun sing arga, kang dipati sawetan Ngayogja sami, lawan saprajuritnya,	Mas Tumenggung kemudian pulang semua sangat prihatin. Sudah bertemu dengan semuanya, yakni para adipati tersebut. Diceritakanlah mereka yang pulang semua sangat ketakutan. (Karena telah) kehilangan senapatinya Semua sudah turun dari gunung, para adipati Timur Yogyakarta beserta prajuritnya.
34.	Mas Tuměnggung Suraněgareki, wus tur surat marang Nataprajan, Pangran nulya wangsul bae, kang surat lajěng katur, mring Sang Nata langkung tyas aji, mring Mas Mangunnagara, dereng gadhah sunu, dadya tinurut kewala, sawělingnya saking tyas Sri Narapati, mring Mas Tuměnggung ika,	Mas Tumenggung Suranegara sudah memberikan surat pada Natapraja, (agar) Pangeran pulang saja, surat sudah diberikan kepada Sang Raja. Hati sang raja sangat sedih terhadap Mas Mangunnegara. (Ia) belum mempunyai anak jadi dituruti saja. Katanya dari hati Sang Raja kepada Mas Tumenggung,
35.	(h.274) Namanira datan owah sami, kawarnaa Pangran Natapraja, mapan langnlangkung[9] jrih isinne[10], dhatěng ingkang Sinuhun, ing sabile Mangunnagari, angler kenging loropan, marma jrih kělangkung, Pangran dhatěṇg Kangjěng Sultan, dadya estu Pangeran denira balik, dhumatěng ing Ngayogya,	bahwa namanya tidak (akan) berubah. Diceritakanlah Pangeran Natapraja sangat takut dan malu terhadap Sinuhun oleh sebab kematian Mangunnegara. Dijelaskan (bagaimana) bisa celaka. Yakni karena sangat takut Pangeran kepada Kanjeng Sultan, sehingga benar Pangeran kembalinya ke Yogyakarta.

[9] Sesuai konteks dibaca *langkung*
[10] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
36.	Pan piněthuk langkung bungahneki, Jendral Dhě Kok den nyana punika, Pangran běkta sakancane, tan nyana lamun kantun, sagung ingkang para dipati, wetan Yogja sadaya, lan prajuritipun, měngkana wus tan winarna, Mas Tuměnggung Suranagara tur uning, dhumatěng Sri Nalendra.	Betapa senangnya ketika berjumpa. Jenderal De Kock mengira Pangera membawa serta seluruh pasukannya, tidak menyangka bahwa tersisa seluruh adipati Timur Yogyakarta serta prajurtinya. Demikian sudah tidak diceritakan. Mas Tumenggung Suranegara memberi tahu pada Sang Raja
37.	Lamun Pangran Natapraja balik, Kangjěng Sultan mesěm angandika, wus tan dadi ngapa kuwe, nanging poma sireku, sakancanya den ngati-ati, ora wurung ta ika, tiněmpuhkěn iku, marang ka-(h.275)-thah praptanira, Mas Tuměnggung Suranagara turneki, mapan nuhun sandika,	bahwa Pangeran Natapraja kembali. Kanjeng Sultan tersenyum dan berkata, “Sudah tidak apa-apa itu, tapi sesungguhnya kau dan pasukanmu berhati-hatilah, sudah pasti hal itu, seranglah mereka semua yang tiba.” Mas Tumenggung Suranegara berkata (bahwa ia) menerima perintah.
38.	Mapan nulya kinen mantuk iki, Mas Tuměnggung wus lengser sing ngarsa, prapta tan winarna mangko, Pangran Nataprajeku, pan tiněmpahakěn iki, praptane kancanira, bupati sědarum, ingkang sawetan Ngayogja, sabab nguni Pangeran sampun nyagahi, marma tinagih ika,	Kemudian diperintahkan untuk pulang, Mas Tumenggung sudah pergi dari hadapan, tiba (tapi) tidak diceritakan. Pangeran Natapraja yang diserang ini, tiba beserta pasukannya, yaitu seluruh bupati di Timur Yogyakarta, sebab sebelumnya Pangeran sudah

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		menyanggupi, karena ditagih demikian.
39.	Nadya[11] saběn dina kintu[12] tulis, marang sagung kang para dipatya, nging tan mantuk kengkenane, pan pinějahan iku, Kyai Maja Pangeran Behi, ingkang gadhah parentah, saking boséněnipun, mapan sinuprih kapoka, ingkang kengken kalawan kang kinengken sami[13], marma sagung měngkana,	Adapun setiap hari dikirim surat kepada seluruh adipati, tapi tidak kembali suruhannya karena sudah mati. Kyai Maja dan Pangeran Ngabei mendapat perintah karena kebosanan supaya kapok, yang menyuruh dan yang disuruh sama saja. Karena semuanya itu,
40.	Senapati pan ing pundi-pundi, lamun tampi kang surat měngkana, awis mantuk kengkenane, měngkana kang winuwus, Pangra-(h.276)-n Natapraja puniki, kinen ngalurug ika, mring wetan Yogjeku, sabab bupati sadaya, wetan Yogja sampun tita purunneki, lamun kědhik kewala,	Senapati yang berada di mana pun, kalau menerima surat demikian, jarang kembali suruhannya. Demikian yang diceritakan. Pangeran Natapraja diperintahkan berangkat perang ke Timur Yogyakarta, sebab seluruh bupati Timur Yogyakarta sudah bersedia meski sedikit saja.
41.	Kapir Murtad inggih ingkang ngiring, marang Pangran Natapraja ika, mapan asring kaběrěge, Kapir Murtad keh lampus, mapan lamun dipunagěngi, sagung kang pra dipatya, tinanglědi iku,	Kafir dan Murtad yang mengiringi, Pangeran Natapraja berkali-kali dikejar. Kafir dan Murtad banyak yang tewas. Karena diperbesar (pasukannya) (oleh) seluruh adipati. Mereka diserang,

[11] Sesuai konteks dibaca *nadyan*
[12] Sesuai konteks dibaca *kintun*
[13] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan ngunduran kewala, dadya gěla Jendral měngkana tyasneki, mring Pangran Natapraja,	(akhirnya) mundur saja. Sehingga Jenderal kecewa dalam hatinya kepada Pangeran Natapraja,
42.	Dipunnyana lamun bangkat kardi, sabab Jendral nanging gugu warta, lamun punika anděle, Kangjěng Sultan kang tuhu, marma sangět pangěbangneki, wěkasan dadya bandha, kewala puniku, pan kinen baris kewala, aneng jawi Pangeran datan kadugi, nanging nědha panggenan,	dikiranya mampu mengerjakan, sebab Jenderal hanya percaya pada berita hanya itu yang diandalkan. Kanjeng Sultan sungguh-sungguh, karena sangat besar imbalannya, akhirnya menjadi harta saja. Pasukan yang disuruh berbaris saja di luar. Pangeran tidak menduga tapi meminta tempat,
43.	Kitha Agěng punika yen kenging, kados sangět Kangjěng Sultan susah, sabab pu-(h.277)-nika bandhane, sagung aprang puniku, lawan dados pangungsenneki, sagung tiyang sadaya, lan kinarya iku, pakenděları Senapatya, lamun gilir ing ngriku panggenanneki, tata pelor sěndawa,	(yaitu) Kota Gedhe kalau boleh. Sepertinya Kanjeng Sultan sedih sekali sebab itulah hartanya. Seluruh perang itu serta tempat pengungsiannya, (dan) semua orang yang dipekerjakan itu, dihentikan oleh Senapati. Kalau berganti tempat itu, disiapkan peluru dan meriam.
44.	Pangran Natapraja den turuti, marang Jendral Kitha Agěng ika, asring inginggahan mangko, dene pangiridipun, něnggih Pangran Nataprajeki, nanging tan sagěd minggah, mapan asring wangsul, piněthukkěn ing ngayuda,	Pangeran Natapraja dituruti, oleh Jenderal Kota Gedhe tersebut. sering kali disimpan. Adapun pemimpinnya adalah Pangeran Natapraja, tapi tidak bisa naik karena sering pulang. Ditemui di medan perang,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	neng sidik Kapir Murtad kathah mati, pan asring kabujungnya,	sebenarnya Kafir dan Murtad banyak yang mati, sering dikejar.
45.	Ingkang těngga Kitha Agěng iki, Mas Tuměnggung rěsa sěntanika, mapan kělangkung panggahe, awit anuhun bantu, mapan nulya dipuninggahi, Jendral Dhě Kok iya mbaka, kang nindhihi iku, lan Sultan Suměněp ika, Jěng Pangran Dipati Mandur iki, Mas Tuměnggung kuciwa,	Yang menunggu di Kota Gedhe ini, Mas Tumenggung menjaga sentananya, sangat kuat, karena meminta bantuan. Kemudian disembunyikan, Jenderal De Kock juga tidak berubah yang memimpin itu serta Sultan Sumenep, Kanjeng Pangeran Adipati Mandur. Mas Tumenggung kecewa,
46.	(h.278) kengsěr saking Kitha Agěng iki, Jendral lajěng karya beteng ika, aneng Danalaya mangke, tinanglědan puniku, marang sagung kang pra dipati, kidul Yogja sadaya, lan wetan Yogjeku, ingkang dados tindhihira, Pangran Suryawijaya Pangran Suryadi, tan ana kang kuciwa,	pergi dari Kota Gedhe, Jenderal kemudian membuat benteng di Danalaya. Ditanyakan pada seluruh adipati Selatan Yogyakarta, dan Timur Yogyakarta, (apa) yang jadi kekalahannya, Pangeran Suryawijaya dan Pangeran Suryadi, tidak ada yang kecewa.
47.	Pangran Suryawijaya tur uning, marang Toya Kenděl lamun měngsah, mapan kělangkung agěnge, Sang Nata paring bantu, Basah Ngabdullatip tinuding, kang kinen nindhihana, kang prajurit iku, sewu Pagělen kang těngah, pangiridnya den Basah Ngabdul Muhyi,	Pangeran Suryawijaya memberi tahu pada Banyu Meneng bahwa musuh sangat banyak jumlahnya. Sang Raja memberi bantuan, Basah Ngabdullatip ditunjuk, disuruh mengalahkan para prajurit, (sejumlah) seribu (orang) Pagelen tengah. Pemimpinnya Basah Ngabdulmuhyi,

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ing Toya Kenděl budhal,	dari Banyu Meneng (mereka) berangkat.
48.	Tan winarna marga sampun prapti, lajěng tata něnggih barisira, neng kilen Danalayane, Den Jayaněgareku, kinen ngalih denira baris, sakidul Danalaya, lan sakancanipun, (h.279) Pangeran Suryawijaya, kang nindhihi ingkang baris wetan iki, něnggih Suranagara,	Tidak diceritakan dalam perjalanan, telah sampai. Kemudian menyiapkan barisan pasukannya di barat Danalaya. Raden Jayanegara diminta memindah barisannya ke selatan Danalaya beserta rombongannya. Pangeran Suryawijaya yang memimpin barisan di timur. Adapun Suranagara
49.	Sakancanya Pangeran Suryadi, kang nindhihi lajěng campuh yuda, pan tan ana kuciwane, siyang dalu prang pupuh, Kapir Murtad kathah longneki, Jendral pan langkung kewran, nanging isin wurung, denya karya beteng ika, Murtad laknat sěmana mapan kiněrig, sampun prapta sadaya,	serombongannya, Pangeran Suryadi yang memimpin. Kemudian perang ramai. Tidak ada yang mengecewakan. Siang malam perang habis-habisan. Kafir murtad banyak yang berKur’ang. Jenderal semakin kesusahan, namun malu apabila gagal. Dalam membuat benteng, murtad laknat waktu itu dikerahkan.. (Mereka) telah tiba semua,
50.	Langkung kathahnya Sah Ngabdulatip, mapan nulya ngaturi uninga, yen saya kathah bantune, laknatolah puniku, Sri Nalendra nulya nědhaki, lan sagung wadya kuswa, Basah kalih iku, kang dadya pangirid ing prang, sampun budhal saking Toya Kenděl iki, lir wěrdu angga sasra,	semakin banyak. Syekh Abdul Latif kemudian memberi tahu bahwa semakin banyak bala bantuan laknatullah tersebut. Sang Raja kemudian menghampiri beserta segenap pasukan. Kedua Basah tersebut menjadi pengiring perang. Telah berangkat dari Banyumeneng (barisannya) bagaikan ulat bertubuh

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		seribu.
51.	Tan winarna marga sampun prapti, Sri Nalendra lajĕng mĕsanggrahan, a-(h.280)-neng Dhusun Singkil mangko, sagung Basah puniku, tinimbalan wus prapta ngarsi, Pangran Suryawijaya, Suradi puniku, lan Raden Jayanagara, Kangjĕng Sultan ngandika mring Pangran Behi, paman sampeyan tata,	Tidak diceritakan dalam perjalanan, telah tiba. Sang Raja kemudian beristirahat di Dusun Singkil. Para Basah dipanggil. Telah tiba di hadapan (raja), Pangeran Suryawijaya, Suradi, dan Raden Jayanagara. Kanjeng Sultan berkata kepada Pangeran Bei, “Paman engkau siapkanlah
52.	Sagung baris kang dereng prayogi, Pangran Behi sandika aturnya, gya rinĕmbag prayogane, lan Basah tiga sampun, dadya linton kang baris sami, Pangran Suryawijaya, lan sakancanipun, Den Mĕnggung Jayanagara, baris kilen nĕnggih Basah Ngabdullatip, mapan baris neng wetan,	segenap barisan yang belum baik. Pangeran Bei berkata bersedia. Kemudian dirembuk bagaimana sebaiknya. Tiga Basah telah menjadi ganti barisan tersebut. Pangeran Suryawijaya dan pasukannya, Raden Tumenggung Jayanagara, berbaris di barat. Adapun Basah Abdul Latif yang berbaris di timur.
53.	Anindhihi Basah Ngabdul Muhyi, kang prajurit Pagĕlen punika, dene Pangran Suryadine, mĕngaler barisipun, pan angirid kang pra dipati, wetan Yogja sadaya, lan pinaring bantu, Pangeran Dipakusuma, lan Mas Dulah Resa Sĕnta-(h.281)-na	Basah Abdul Muhyi yang memimpin prajurit Pagelen. Adapun Pangeran Suryadi ke utara barisannya, mengiringi para adipati di timur Yogya semua serta memberi bantuan (kepada) Pangeran Dipakusuma dan Mas Dulah Resa Sentana.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	puniki, Basah kalih minangka,	Kedua Basah sebagai
54.	Dadya dhadha mapan anggĕnteni, barisira Den Jayanagara, mapan neng kidul pĕrnahe, wus dadya rĕmbag sagung, nulya budhal sing Singkil sami, lintu panggenan samya, Sri Nalendra tumut, aneng kidul denya dhadha, lawan sagung wadya jro lan pra ngulami, mapan wus samya prapta,	bagian depan menggantikan barisan Raden Jayanagara, ada di selatan letaknya. Telah tercapai kesepakatan, segenap (pasukan) kemudian berangkat dari Singkil (dan) bertukar posisi. Sang Raja turut berada di selatan, beserta para pasukan dalam dan para ulama. Telah tiba semua
55.	Ing prĕnahnya sowang-sowang iki, lajĕng tata baris mapan samya, Sang Nata mĕsanggrahane, aneng Duren puniku, nanging ĕlĕt kang dhusun kalih, kalawan Danalaya, samya katon iku, basah kalih neng Jĕjĕran, mapan lajĕng sadina-dina ajurit, jendral kĕlangkung kewran,	di posisinya masing-masing kemudian menyiapkan barisan. Sang Raja beristirahat di Duren. Hanya berjarak dua dusun dengan Danalaya. Terlihat semua, dua basah berada di Jejeran. Kemudian setelah berhari-hari berperang, jendral semakin kesusahan.
56.	Ngaler ngidul ngetan ngilen iki, tinindhihan laknat kathah pĕjah, mapan yun ngantĕp ing prange, ewĕd grĕragolipun, dereng dados kantun sa-(h.282)-iring, Dulah Rĕsa sĕntana, tur uninga sampun, mring Pangeran Behi ika,	Di utara, selatan, timur, barat, diserang, laknat banyak yang mati. Ketika hendak mendesak perangnya, susah. *Greragol* nya belum jadi tinggal se-sisi Dulah Resa Sentana sudah memberi tahu kepada Pangeran Bei

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen grĕragol mapan nging kantun sairing, Pangran Behi anulya,	bahwa *greragol* hanya tinggal satu sisi. Pangeran Bei kemudian
57.	Rĕmbag lawan Basah sami[14], majĕng sarĕng pan wus dhinawuhan, prajurit myang dipatine, sarĕng enjang pan sampun, samya nĕmbang tĕngara jurit, laknat nimbangi nulya, pan wus pinirtĕlu, pan datan wontĕn kuciwa, samya gĕngnya prajurit Islam lan Kapir, nulya campuh ing yuda,	berembuk dengan para Basah. Maju bersama ketika sudah diperintah, prajurit dan adipati. Ketika pagi sudah membunyikan tengara perang. Laknat lalu mengimbangi. Sudah dibagi menjadi tiga kelompok, tidak ada yang kalah, sama besarnya pasukan Islam dan Kafir. Kemudian berperang dengan ramai.
58.	Datanpa rungwan[15] swaraning kang bĕdhil, barung lawan mariyĕm ika[16], pan anglir rug ing wukire, gĕntya buru-binuru, datan wontĕn kuciwaneki, Kapir kalawan Islam, mĕngkana winuwus, Tumĕnggung Suranagara, kang mĕdal ler sakancanya sampun prapti, nĕnggih ing Danalaya,	Tidak terdengar suara tembakan bersamaan dengan meriam. Bagaikan merubuhkan gunung. Bergantian saling kejar tidak ada yang kalah (antara) Kafir dengan Islam. Demikian diceritakan Tumenggung Suranagara yang lewat utara beserta rombongannya sudah tiba yakni di Danalaya.
59.	Ing panggenan Gregol puniki[17], kang jinu-(h.283)-jug langkung gegerira, sagung repot laknat mangko, nanging kapalan sagung, ingkang dharat pan dereng prapti, jendral langkung gugupnya,	Di tempat Gregol ini yang dituju. Sangat ramai semua prajurit laknat semua hanya berkuda, yang berjalan belum tiba. Jenderal sangat bingung.

[14] Kurang dua suku kata
[15] Sesuai konteks dibaca *rungyan*
[16] Kurang satu suku kata
[17] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	gya mariyěm iku, měngkana kang aprang ngarsa, pělangkirnya along mundur anadhahi, lajěng angědrel samya,	Segera dimeriam demikian yang berperang di depan. (Prajurit) plangkir berKur'ang mundur menangkis, kemudian menembaki semua.
60.	Dadya mundur Suraněgareki, sakancanya nging kang angsal gěndera[18], kapalan langkung kakune, kang dharat mapan dangu, den antosi pan dereng prapti, mapan kapěthuk marga, ing saunduripun, lawan kang dharat sadaya, Kapir Murtad ingkang bujung wangsul sami, měngkana ingkang yuda,	(Itu) menjadikan Suranegara mundur sepasukannya. Hanya yang mendapat bendera, berkuda sangat kaku. Yang berjalan, lama ditunggu belum tiba. Lalu bertemu di jalan ketika mundur, dengan semua pasukan darat. Kafir Murtad yang mengejar semua kembali. Demikian perang tersebut.
61.	Dereng wontěn kang kuciwa sami, sadangunya sěnjatan kewala, tan sagěd campuh yudane, Basah kělawan iku, langkung kaku tyasira sami, laknat purun ngrunjang, pan wus ering iku, lawan kathah kenging ika, laknat Kapir Gusti Ba-(h.284)-sah kang winarni, ngantos majěng pribadya,	Belum ada yang kalah. Selama ini hanya saling menembak, tidak bisa berbaur perangnya. Basah pun semakin tegang hatinya. Laknat hendak menyerang, namun sudah takut kalah serta banyak yang terkena, Laknat Kafir. Gusti Basah yang diceritakan hingga maju sendirian.
62.	Ingkang dherek nging Dullah satunggil, Abu Sungeb mapan pamrihira, Jěng Gusti tinuta mangke, marang prajurit sagung,	Yang mengiringi hanya Dullah satu orang. Abu Su'aib yang dituju. Kanjeng Gusti kini diikuti oleh segenap prajurit.

[18] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kadya sampun karsaning Widi, ing sadintěn punika, datan sagěd campuh, laknat lawan wadya Islam, malah lajěng kěsaput ing dalu iki, prajurit mundur samya,	Bagai sudah kehendak Tuhan, dalam sehari itu tidak dapat berbaur, (antara) Laknat dengan pasukan Islam. Malah kemudian terjeda oleh malam. Semua prajurit mundur,
63.	Dadya kantun Gusti Basah Kamil, lawan Dulah Bu Sungeb punika, kiněrutug sěnjatane, mring laknatolah sagung, Kangjěng Sultan langkung tyasneki, dadya tumut punika, něnggani kang kantun, ngantos manjing wěktu ika, mah ri ponakawan kang sowan satunggil, Sěngkuni wěstanira,	sehingga tersisa Gusti Basah Kamil serta Dulah Abu Su’aib. Senjata terus dilontarkan kepada para laknatullah. Kanjeng Sultan semakin berbesar hati, sehingga ikut menunggui yang tersisa hingga masuk waktunya. Ada seorang abdi yang menghadap, bernama Sengkuni.
64.	Pan ingutus ngundurkěn nimbali, marang Basah Sěngkuni punika, ajrih mring pelor děrěse, dhěpepes ampingan kayu, nulya Kangjěng (h.285) Sultan pribadi, nimbali mring kang putra, Basah Kamil mundur, měngkana wus tan winarna, saběn dina aprang ing Danalayeki, ngantos satěngah candra,	Diperintahkan untuk mengundurkan, memanggil Basah. Sengkuni tersebut takut akan hujan peluru yang deras. (Ia) bersembunyi di balik kayu. Kemudian Kanjeng Sultan sendiri memanggil anaknya Basah Kamil (agar) mundur. Demikian sudah tidak diceritakan. Setiap hari perang di Danalaya hingga setengah bulan.
65.	Nadyan dalu awit kenděl neki, wadya kathah laknat ingkang pějah, nging beteng wus dadi mangko, Jayanagara iku, wěling atur mring Pangran Behi,	Meskipun malam mulai berhentinya, pasukan laknat banyak yang mati. Akan tetapi, benteng kini telah jadi. Jayanagara berpesan kepada Pangeran Bei.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	yen marĕngi Nalendra, pan prayogi kondur, sabab beteng sampun dadya, pan kawula nyagahi tĕngga pribadi, ĕnggih kalamun mĕdal,	Apabila diperbolehkan oleh Raja, lebih baik pulang, sebab benteng telah jadi. Hamba menyanggupi menunggu sendiri apabila keluar.
66.	Wĕktu iku samya sudaneki, purunira Kapir lawan Islam, kadya wus karsa Yyang Manon, mapan tan nate campuh, nanging samya bĕdhilan iki, laknat lan wadya Islam, sabĕn dina iku, kang sĕnjata brĕrondongan, lan mariyĕm Ngayogja mĕngkana malih, Jĕng Pangran Adisurya,	Waktu itu sama-sama berKur'ang Kemauan (berperang) Kafir dan Islam. Bagaikan sudah kehendak Tuhan. Tidak pernah berbaur dalam berperang, namun saling menembaki (antara) laknat dan pasukan Islam setiap hari. Berondongan senjatanya bertubi serta meriam. Yogyakarta demikian pula, Kanjeng Pangeran Adisurya
67.	Ngabdulrahim wau denya ngra-(h.286)- mpit, mapan nanging bĕdhilan kewala, ing Gowok mĕngkono maning, Ki Urawan puniku, marma samya tan angsal kardi, dadya ĕpur sadaya, nĕnggih juritipun, mĕngkana ingkang winarna, Pangran Behi umatur mring Sri Bupati, lamun Jayanagara,	Abdul Rahim ketika menerjang musuh, hanya dengan pistol saja. Di Gowok demikian pula. Ki Urawan akhirnya tidak berhasil, sehingga semua tidak ada yang menang atau kalah dalam perangnya. Demikian yang diceritakan, Pangeran Bei berkata kepada Sang Bupati apabila Jayanagara
68.	Pan mĕngkana ing panuwunneki, saba beteng mangkya sampun dadya, sagah tĕngga sakancane, mĕṇgkana kang Sinuhun, mapan lajĕng kinen nimbali,	dalam permintaannya mengunjungi benteng telah terlaksana. Sanggup menunggui bersama pasukannya. Demikian Sang Raja, kemudian menyuruh agar memanggil

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	ingkang Basah sěkawan, prapta gya tinantun, lamun Den Jayanagara, pan měngkana aturnya mring Nrěpati, Basah Ngusman aturnya,	empat Basah. Setibanya mereka segera ditanyai tentang Raden Jayanagara. Demikian ucapannya kepada Raja. Basah Usman berkata,
69.	Mapan inggih kělangkung prayogi, kalih aso kang kanca sadaya, nging yen parěng prayogane, pan sae mawi sangu, ngantěp jurit pan benjing enjing, Basah rěmbag sadaya, sokur inggih lamun, wontěn pitulung (h.287) Yyang Sukma, sagěd bědhah nging angsala criyos sami, sampun laha kewala,	“Iya sangat baik, seraya untuk beristirahat teman-teman semua. Hanya saja apabila diperkenankan, sebaiknya lebih baik dengan membawa bekal untuk menyerang di esok pagi. Basah berunding semua. Syukur-syukur apabila ada pertolongan Tuhan. dapat menaklukkan namun dapatlah cerita sama, jangan dengan tangan kosong belaka
70.	Kanca basah inggih benjing-benjing, mapan samya dados pěngarsa, lan Dolah Rangga Panjine, kenděl ngabehi sagung, kanca jajar kang aneng wingking, sampun rěmbag sadaya, nulya samya mundur, saking ngarsanya Nalendra, enjing nulya němbang těngara jurit, mapan anglir sěmayan,	Rombongan Basah di kemudian hari semua menjadi pemimpin. Pun Dulah Rangga Panji. Berdiam para ngabei semua. Rombongan *jajar* yang ada di belakang telah bersepakat semua. Kemudian semua mundur dari hadapan Raja. Paginya segera membunyikan pertanda perang. Bagaikan janjian.
71.	Laknatolah pan měngkana maning, lajěng campuh něnggih ingkang yuda, apěthuk samya majěnge, mriyěm tan ngantos iku,	Laknatullah demikian pula. Kemudian ramai perangnya. Bertemu dan sama-sama maju. Meriam tidak sampai

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mungĕl lajĕng arukĕt nuli, sĕnjata lit punika, nging sakĕdhap iku, pan lajĕng caruk kewala, sangkuh lawan waos wong Kapir, kalindhih bĕlasah bangkenira,	Berbunyi, kemudian saling menyerbu dengan senjata kecil namun sebentar kemudian mereka berbaur. Senapan melawan tombak, Orang kafir kalah dan bangakinya berserakan.
72.	Pan kĕbĕrĕk Kapir yudaneki, lajĕng ngungsi manjing beteng samya, lawan angĕdrel mriyĕm-(h.288)-e, Islam pan mĕnggah sagung, gennya bujung pan wangsul sami, mĕngkana ingkang prapta, nĕnggih sabilipun, Mas Dulah Jayengwardaya, lan Mas Panji Bunwara lawan Mas Behi, pinilih suma tingal,	Van Kaberek sebagai pimpinan kafir mengungsi masuk benteng semua, seraya menembaki dengan meriamnya. (Pasukan) Islam semua yang mengejar kambali pulang. Demikian yang sampai (wafat) sabil (yakni) Mas Dulah Jayengwardaya dan Mas Panji Bunwara serta Mas Bei Pinilih Sumatingal.
73.	Lawan kaji ing gadhing satunggil, Seh Muhamat Tahir namanira, lan Ngabehi ing mridane, lan Panji Tamtameku, mapan kalih kang prapta sabil, Rangga Pagĕlen tiga, kang liya puniku, Islam pan lujĕng sadaya, laknatolah bĕlasah bangkene reki, tigang atus watara,	Beserta Haji di Gadhing satu orang, (yakni) Syekh Muhammad Tahir namanya dan Ngabei di Mridan. (Pasukan) Panji Tamtama ada dua yang menjadi sabil. Rangga (di) Pagelen (ada) tiga. Yang lainnya itu, Islam selamat semua. Laknatullah tersebar bangkainya, sekitar tiga ratusan.
74.	Ĕnĕngĕna pan wus tan winarni, kawarnaa Sang Nata karsanya, Mas Dulah Rĕsa Sĕntanane, pan linintonan iku, kinen tunggil wontĕn Magiri,	Dihentikan, sudah tidak diceritakan. Tersebutlah keinginan Sang Raja. Mas Dulah Resa Sentana (agar) digantikan. Disuruh bersatu di Imagiri

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	sabab uwor prangira, mapan langkung purun, Jendral Dhěkok kang winarna, sampun mantuk sa-(h.289)-king Danalaya iki, mapan dhatěng Ngayogja,	sebab rusak (barisan) perangnya. (Ia) sangat bersedia. Jenderal de Kock yang diceritakan. Sudah pulang dari Danalaya menuju Yogyakarta.
75.	Mapan dalu budhalireki, Sri Nalendra wus ngaturan wikan, yen Jandral[19] wus sěpi mangko, kantun katěngga iku, Danalaya lawan puniki, Pangeran Natapraja, gěla tyas Sang Prabu, Basah Ngabdul Latip lawan, Basah Ngabdul Muhyi kinen mantuk sami, lan saprajuritira,	Malam berangkatnya. Sang Raja sudah diberi tahu bahwa Jenderal sudah sepi, tinggal menunggu Danalaya dan ini. Pangeran Natapraja kecewa hati Sang Raja. Basah Abdul Lafif dan Basah Abdul Muhyi diminta pulang semua beserta pasukannya
76.	Mring Pagělen měngkana Něrpati, lajěng budhal lan sawadya kuswa, kundur mring Toya Kenděle, ing Danalaya iku, mapan ingkang kinen jageni, Pangran Suryawijaya, lan Raden Tuměnggung, Jayaněgara punika, sakancanya lajěng datan sagěd mijil, kang aneng Danalaya,	menuju Pagelen. Demikian Sang Raja kemudian berangkat beserta pasukannya pulang ke Banyumeneng. Di Danalaya. yang disuruh menjaga (adalah) Pangeran Suryawijaya dan Raden Tumenggung Jayanegara sepasukannya. Kemudian tidak dapat keluar yang berada di Danalaya
77.	Kawarnaa wau Sri Bupati, kondurira ngobongi Ngayogja, Jěng Pangran Behi ature, měnawi Jendral iku,	Tersebutlah Sang Bupati sepulangnya membakar Yogyakarta. Kanjeng Pangeran Bei berkata Apbila Jenderal

[19] Sesuai konteks dibaca *Jendral*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	(h.290) měksih Surapěsthi mědali, kang sinuprih punika, mapan kang tinurut, lajěng Kangjěng Sri Nalendra, aměng-aměng ing Pajang nyare kětinggi, antawis pitung dina,	Surapesthi masih hendak maju perang (itu) yang diarah dan diturut. Kemudian Sang Raja menghibur diri di Pajang menginap di daerah tinggi sekitar tujuh hari.
78.	Laknatolah langkung kěndhakneki, kang aměrgen pan kenděl kewala, tan winarna niskarane, Sang Nata sampun rawuh, Toya Kenděl sawadyaneki, apan wontěn winarna, ya ta kang winuwus, wontěn Jendral malih prapta, Komisaris Dhěbos wěstane puniki, wakil raja Wělanda,	Laknatullah semakin takluk. Yang berjalan berdiam saja. Tidak diceritakan semuanya. Sang Raja sudah tiba (di) Banyumeneng sepasukannya. Ada lagi yang diceritakan. Tersebutlah ada Jenderal lagi yang datang, Komisaris de Bos namanya, wakil raja Belanda.
79.	Běkta bala langkung kathahneki, pan anglorod Jendral Dhě kok ika, lajěng akintu[20] surate, kěrtas agěng puniku, lan pratandha agěng puniki, dhumatěng Kangjěng Sultan, wus tinampen iku, něnggih dhatěng Kyai Maja, la-(h.291)-jěng katur dhumatěng Sri Narapati, měngkana Sri Nalendra,	(Ia) membawa pasukan sangat banyak. menggantikan Jenderal de Kock. Kemudian mengirim surat (berupa) kertas besar dan pertanda besar kepada Kanjeng Sultan. (Surat) telah diterima oleh Kyai Maja, lalu dihaturkan kepada Sang Raja. Pada saat itu, Sang Raja
80.	Mapan lagya pinarak pěndhapi, lan kang rama Kangjěng Panembahan,	sedang duduk di pendapa beserta ayahanda, Kanjeng Panembahan.

[20] Sesuai konteks dibaca *kintun*

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	Pangran Ngabehi ngarsane, putra santana sagung, myang pratiwa nung-anung iki, andher sumiweng ngarsa, nira Sang Sinuhun, Ki Maja atur nuwala, mapan saking něnggih Jendral Komasaris[21], wakil raja Lada,	Pangeran Ngabei di hadapannya (dengan) semua putera dan sentana beserta para prajurit dan orang-orang bijak berbaris menghadap di depan Sang Raja. Ki Maja menghaturkan surat dari Jenderal Komisaris, wakil Raja Belanda.
81.	Mapan nulya kinen maos iki, mapan kathah kang datan sinurat, pan nanging prělune[22], měngkana ungělipun, sampunipun inggih kang tabe, kawula kathah-kathah, Jendral Dhěbos iku, sayogja něnggih katura, mapan dhatěng ingkang saudara nguni, Pangran Dipanagara,	Kemudian diminta membacanya. Banyak yang tidak tertulis, hanya perlunya saja. Demikian bunyinya, “Setelah salam hamba yang banyak, Jenderal de Boss, sebaiknya dihaturkan kepada saudara dahulu, (yakni) Pangeran Dipanagara
82.	Ingkang sampun linilan Yyang Widi, pan juměněng kang Sinuhun Jěng Sultan[23], Ngabdul Kamit pěparabe, kang jinunjung (h.292) mring sagung, ingkang para ngulama sami, myang kang pra pandhita, sarip suhadeku, Kaji lawan Maulana, sinahidan lawan prang aględ iki,[24] ngangkat Kur’an adilnya,	yang telah diridhoi Tuhan. Kanjeng Sultan bertahta dengan Abdul Hamid julukannya, yang diunggulkan oleh segenap para ulama dan para pendeta, syarif, (dan) syuhada, haji dan maulana. Berjuang di perang besar ini mengangkat keadilan Quran.

[21] Sesuai konteks dibaca *Komisaris*
[22] Kurang dua suku kata
[23] Lebih satu suku kata
[24] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
83.	Luhuripun Islam Tanah Jawi, kang Kalipah Kangjěng Rasullollah, Sam Tanah Jawa kabeh[25], marma tur surat hulun, pan kinarya sulur sayěkti, dhatěng raja Wělanda, mapan badhe sagung, inggih ngestokkěn sadaya, juměněngnya ratu Islam Tanah Jawi, lan badhe dhedherek[26] ika[27],	Luhurnya Islam di Tanah Jawa, Sang Khalifah Kanjeng Rasulullah Syam tanah Jawa Semua. Oleh sebabitu, hamba menghaturkan surat sungguh sebagai penyambung kepada Raja Belanda. Semua akan mengamini terhadap bertahtanya Ratu Islam di Tanah Jawa dan akan mengikutinya.
84.	Angluhurkěn mring agama nabi, ěsam ingkang wontěn Tanah Jawa, kawula anuwun maleh, ing aprang kendělipun, lamun parěng sědya bědhami, mapan inggih kawula, biněktanan sampun, ingkang cap Raja Welanda, marmanipun suwawi sami pěpanggih, amba (h.293) něrah kang karsa,	Meluhurkan agama Nabi Syam yang ada di tanah Jawa. Hamba meminta lagi tentang berhentinya peperangan, apabila boleh hendak berdamai. Sebab hamba sudah dibawakan cap Raja Belanda, sehingga mari sama-sama dipikirkan. Hamba berserah pada kehendak
85.	Kang Sinuhun Kangjěng Sultan yěkti, pan ing pundi kawula sumangga, wus titi surat johane, Kangjěng Sultan gya nantun, marang sagung sewaka sami, paněmbahan aturnya, pan prayogi iku, iya Sultan panggihana, wus pratela yen iku wakil sayěkti, pan wus nora kuciwa,	Sinuhun Kanjeng Sultan sungguh. Bagaimana pun hamba terserah (paduka).” Sudah habis surat Johan itu. Kanjeng Sultan lalu bertanya kepada segenap yang menghadap. Panembahan berkata, “Lebih baik Sultan temuilah. Sudah jelas bahwa dia wakil yang sesungguhnya,

[25] Kurang satu suku kata
[26] Sesuai konteks dibaca *dherek*
[27] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		sudah tidak akan mengecewakan.
86.	Nadyan kapir pan padha něrpati, Sultan Ratu Islam Tanah Jawa, Jendral Komasaris kuwe, mapan wakil satuhu, iya raja Wělenda yěkti, pratandha ingkang ěcap, wus pratela tuhu, dadya wus tan nana kuciwa, Pangran Behi myang sagung pan parěmbag pan sami, nanging Kyai Maja,	Meskipun kafir tetapi sama-sama raja. Sultan Raja Islam di Tanah Jawa. Jenderal Komisaris itu juga wakil sesungguhnya dari Raja Belanda. (Dengan) tanda cap itu sudah jelas benar. Jadilah tidak ada yang mengecewakan." Pangeran Bei dan yang lain berkata serupa. Akan tetapi, Kyai Maja
87.	datan rěmbag měngkana aturneki, mapan ewěd ing dalil pu-(h.294)-nika, Ratu Islam satuhune, tan wontěn samenipun. nadyan inggih Raja Wělandi, pan dhatěnga pribadya, datan angsal tuhu, pěpanggih lan Sri Nalendra, sampun silih Jendral Komisaris wakil, punika yen angsala,	tidak setuju. Demikian perkataannya, "Susah menggunakan dalil tersebut. Raja Islam sesungguhnya tidak ada yang menyamai. Meskipun Raja Belanda yang datang sendiri, sungguh tidak boleh bertemu dengan Sang Raja. Jangan diganti Jenderal Komisaris (sebagai) wakil, itu apabila boleh.
88.	Lamun ngantos Jěng Sultan panggih, dados ngandhapaken kang agama, mapan agěng sěsikune, dadya kenděl sědarum, sabab dalil ampunganeki, měngkana kang ngulama, pan ajrih sědarum, maběni mring Kyai Maja, sabab iku ingkang wus linilan dhingin,	Apabila sampai Kanjeng Sultan bertemu, menjadi merendahkan agama. akan besar hukumannya" Menjadi diam semuanya, sebab dalil menghalanginya. Demikian para ulama takut semua melawan Kyai Maja sebab itu yang sudah direstui, lebih dahulu

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	matur mring Sri Nalendra,	berkata kepada Sang Raja.
89.	Lamun wontěn kang ngulama iki, purun matur pan sinatru nulya, marma ajrih sadayane, mapan ing wěktu iku, Kyai Maja tětakoneki, kathah butarěpa-(h.295)-nnya, lan těkaburipun, mapan ta ing dina dina, nadyan silih anak muridnya pribadi, yen asring ingandikan,	Apabila ada ulama yang mau berkata, maka akan segera dimusuhi sehingga takut semuanya. Di waktu itu Kyai Maja pertanyaannya banyak kecemburuan dan takaburnya. Dalam kesehariannya, meskipun bergantian dengan anak muridnya sendiri, apabila sering berbicara
90.	Pan sinatru marma samya ajrih, paněmbahan pan aris ngandika, paran dadi prayogane, pratingkah agameku, yen ning ngadat kang dhingin-dhingin, kula dereng uninga, lir Sultan puniku, kang siněbut Raja Landa, wakil mantěn yen pun gawa ěcapneki, pan niku pun tan beda,	akan dimusuhi, sehingga semua takut. Panembahan berkata pelan, “Bagaimana sebaiknya perbuatan agama itu. Apabila biasanya, yang dulu-dulu aku belum mengetahui ibarat Sultan tersebut yang disebut Raja Belanda. Wakil itu apabila sudah membawa capnya, itu sudah tidak berbeda
91.	Lan wujude ingkang den wakili, marma kula ngaturi prayoga, Sultan yen panggiha dhewe, pan kula dereng wěruh, wěrtanira ratu kang dhingin, awit ing Mangkurat, ing saprikinipun, nganti mudhun Raja Landa, yen adate nging Jendral kang neng Bětawi, Dhěkok niku timbangnya,	dengan wujudnya yang diwakili. Oleh sebab itu, aku memberi saran sebaiknya Sultan bertemu sendiri. Aku belum mengetahui kabar dari raja yang dahulu sejak Amangkurat sampai saat ini, hingga turun Raja Belanda. Apabila biasanya hanya Jenderal yang ada

No.	Alih Aksara	Terjemahan
		di Betawi, de Kock itu pembandingnya
92.	Ingkang ngangkat Ratu Tanah Jawi, marma ing tyas kula luwih lěga, pun punjul lawan a-(h.296)-date, tampane tyas tuhu[28], gih punika kulaur agami, Kyai Maja turira, pan sarwi běsěngut, pan měksih sanes punika, ratu donya kalawan ratu ing ngakir, ratu donya kang ngangkat,	yang mengangkat Raja Tanah Jawa, sehingga dalam hati saya lebih lega. Sudah berlebih dari biasanya” Penerimaan hatinya sungguh bahwa, itu tidak melenceng dari agama. Kyai Maja berkata seraya cemberut, “Masih bukan itu raja dunia dan raja akhirat. Raja dunia yang mengangkat
93.	Laknatolah pan ratu agami, ingkang ngangkat pan sagung ngulama, putra dalěm upamine, inggih ngantosa pangguh, lawan Kapir dalil tan kenging, nyudakakěn nugrahan, suda rahmatipum, paněmbahan angandika, mangsa bodho pan kula tan rěti dalil, nging adat Tanah Jawa,	laknatullah. Sementara raja agama yang mengangkat adalah para ulama. Anak paduka misalnya, apabila sampai bertemu dengan kafir, tidak dapat berdalil. (Akan) mengurangi anugerah. (dan) berKur’ang rahmatnya.” Panembahan berkata, “Masa bodoh aku tidak tahu dalil. hanya (tahu) adat tanah Jawa.
94.	Dereng ontěn lir Sultan puniki, Sri Nalendra aris angandika, sampun Kyai kajěnge[29], lamun dalil saestu, ingkang nyěgah parentahneki, saestune punika, Kur’an kang kula nut, Ki Maja mapan měngkana, langkung bungah inngilona-(h.297)-n	Belum ada yang seperti Sultan ini.” Sang Raja berkata pelan, “Sudah kyai, biarlah apabila dalil sungguh yang mencegah perintahnya. Sesungguhnya Quran yang aku ikuti.” Ki Maja demikian

[28] Kurang satu suku kata
[29] Kurang satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	kajěngneki, ngraos yen angsal karya,	sangat senang diikuti kehendaknya. Merasa bahwa berhasil.
95.	Kangjěng Sultan angandika aris, heh man Maja paran kang prayoga, ing dalil Kur'an surupe, mapan sun iki tuhu, ingkang dadya esthining galih, nanging drěma kewala, anglakoni ingsun, sabarang parentahira, lamun Kur'an ingsun tan sědya gingsir, Kyai Maja turira,	Kanjeng Sultan berkata pelan, "Hei Paman Maja bagaimana sebaiknya. dalam dalil (dan) Quran pengertiannya. Aku ini, sungguh yang menjadi niat dalam hati hanya darma saja. Aku menjalankan semua perintah-Nya. Apabila Quran, aku tidak berniat berpindah." Kyai Maja perkataannya,
96.	Pan měkatěn parentah ing dalil, botěn kenging yen paduka manggya, yen Kapir punika dereng, pasrah mring badanipun, nadyan sampun pasrah upami, lamun wakil kewala, botěn kenging tuhu, yen dede Raja Wělanda, sapunika pan sampun pratela yěkti, kědhaping laknatolah,	"Demikian perintah di dalil. Paduka tidak boleh menemui (kafir) apabila kafir tersebut belum menyerahkan diri. Meskipun sudah pasrah upamanya, apabila hanya wakil sungguh tidak boleh (karena ia) bukan Raja Belanda. Saat ini sungguh sudah jelas, kekhawatiran laknatullah.
97.	Sěratipun Jendral Komasaris, mapan sampun anglorod punika, Jendral Dhěkok kalěnggahane[30], (h.298) Jendral Pagen pan sampun, datan wontěn ingkang pawěrti, Jendral Dhěkok punika, anggěntosi estu, Jendral Pagen karyanira,	Surat Jenderal Komisaris sudah menggantikan Jenderal de Kock (dari) kedudukannya. Jenderal Pagen sudah tidak ada kabar. Jenderal de Kock menggantikan dengan pasti pekerjaan Jenderal Pagen.

[30] Lebih satu suku kata

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	mapan Jendral Komisaris kang gĕntosi, Jendral Dhĕkok kang karya,	Jenderal Komisaris yang menggantikan pekerjaan Jenderal de Kock,
98.	Dados dereng mindhak lir rumiyin, kala Jendral Dhĕkok atur surat, nging sampun jangkĕp sĕmangke, nĕnggih wicalanipun, pĕdhang lawan bicantĕneki, Komasaris punika, amba timbangipun, Jendral Dhĕkok punika, timbangipun lawan Pangeran Behi, mesĕm Sri Naranata,	sehingga belum naik seperti dahulu waktu Jenderal de Kock menghaturkan surat. Namun telah genap saat ini perhitungannya. Pedang dan perkataan komisaris itu hamba pertimbangkan. Jenderal de Kock itu bandingannya dengan Pangeran Bei." Tersenyum Sang Raja,
99.	Heh ta uwus sira sun turuti, lamun iku parentahe Kur'an, nging padha den mantĕp bae, karyaa angsul-angsul, layang marang ing Komasaris, Ki Maja tur sandika, wus luwar Sang Prabu, Ki Maja karya nuwala, marang Jendral wang-(h.299)-sulan mring Komasaris, winaonan tan kĕna,	"Hei iya sudah lah engkau kuturuti, apabila itu perintah Quran. Hanya saja mantabkanlah. Buatlah jawaban surat kepada Komisaris." Ki Maja berkata bersedia. Sudah keluar Sang Prabu. Ki Maja membuat surat kepada Jendral, jawaban terhadap Komisaris. Tidak bisa ditegur
100.	Ingkang saru mring Pangeran Behi, mapan lawan Kangjĕng Panĕmbahan, Ki Maja bĕngis ature, sampeyan sampun tamtu, dereng pirsa ṣesikuneki, nĕnggih ing dalĕm Kur'an, myang ulama sagung,	yang mengejek kepada Pangeran Bei dan kepada Kanjeng Panembahan. Ki Maja berkata keras, "Engkau sudah pasti belum tahu kualat dari Quran serta para ulama.

No.	Alih Aksara	Terjemahan
	punika mangsa pirsaa, dereng ngaos nanaseman sawahneki (?) jroning Kur’an asmara,	Ini ketahuilah. Belum mempelajari....... Di dalam Quran kasih sayang